# Sakrifice Wey De Alife

> *"My brodas and sistas, God dey good. So Abeg, as una dey alive, make una dey offa una body gi-am as sakrifice. Make una dey do wetin E tok and wetin go make belle sweet am. Na dis bi di best way to serve God. Make una nor bi like pipol for di world, but make una allow God shange una mind, den una go know how to serve God and do tins wey dey make belle sweet am."* Romans 12:1-2

**Yur sakrifice.** Dis strong word wey dey tell yu make yu offa yur body like one *"Sakrifice wey dey alive and wey holy"* nor de always de clia. But, it dey important wella to de show yu di korrect way wey yu go take pass ordinary beliva for Jesus Krist. Di fes verse dey challenge evry Beliva make e give God one partikular sakrifice afta salvashon. The sekond verse dey give instruktion as yu go take live afta dat sakrifice. Submit tu God evry day as part of how yu take dey karry yur cross evryday, Luke 9:23. But, dat no be di reason for Roman 12:1. Di komand tu *"offa una body"* na tu make *once and for all* serious effort, surrender, and make yu summit yur whole pesin tu God. No be salvashon. Salvashon na onle from di sakrifice wey Krist do. Dis one different. Dis na yur sakrifice. Dis one nor be evryday sakrifice. Dis one na giving yur life no matter wetin happen and foreva to God as sakrifice wey dey alife, wey dey holy, and dey acceptabol. Na yur service wey yu dey do by yursef to God for Im glory and make E de yuz am for way wey no dey get limits.

**Why yu go make dis sakrifice?** Na bikos of Im mercies. Romans chapters 1-11 dey talk abaut God mercies. Roman 12:1 dey tell yu wetin God want make yu do bikos of dos mercies. Romans 12:1 dey give yu two word wey dey push pesin to do beta for life *afta* yur sacrifice. God great mercies wey dey save yu and sanktify yu de explain for dos fest eleven chaptas. Dia4, offa yursef to God. E go bless yu for dis life and for eva. But, di right enkouragement for yur sakrifice no be for yur front. Na for yur back. Yur beta encouragement na from wetin God don already do. Try dey picture Jesus dey yuz Im hand wey nail don cut finish de hold yu de tok say, "Afta all I don do am for yu, do dis one for Me." Dat na wetin Romans 12:1 mean.

**Wai e be a one time sakrifice?** na bikos dat na di meaning of di words for Romans 12:1-2. Di verbs for *"no be like pipol for dis world"* and *"shange yur mind"* for 12:2 na as dem de tok wetin de happun now-now(present tense). Dat mean say yu go do dos two things and continue to de do am all yur life. But, di verb for *"Present yur body."* for 12:1 no be for di simple present tense for Greek. For Greek, e mean say na one act. E no mean say yu go de do am all yur life. E mean say yu go do am once and for all. Na strong kommitment to karry yursef give God. Offa yurself as sakrifice to Him. Romans 12:1 na abaut yur sakrifice. Na abaut yu to de put yursef all di time for God's alta.

**Two Exampols.** Deutronomy 15:12-17 dey give one exampol for dis. A Hebrew slave wey dem don free fit decide to *on im own* and *foreva* make imsef be slave again to im oga. Dat choice na accordin to di bifor-bifor mercies of di oga. Na di slave love for im oga push am. E dey permanent. Dem use one tool like that wey dey cut di slave ear na how dem go take show say im na di oga servant for life. Dis slavery na di servant choice. Dem ne force am. Na decision wey go last forever. Anoda example na for di Old Kovenant wey dey do sakrifices wit animals. Dem go accept di animal fes den keep am for alta. Animal wey get sikness abi animal wey no pure dem no de acceptabol, Leviticus 1-5. Na dat thing dey show examplol of holi and acceptabol part of yur Romans 12:1 sakrifice. Di animal wey dem sakrifice wey don die dey show exampol of di sakrifice. Animal wey dem don sakrifice nor fit crawl komot from di altar wen e dey hot. No pastor fit take back di animal afta to offa am anoda day. Na one pamanent sakrifice. If yu take yur Romans 12:1 sakrifice komot for di altar when e dey hot, e no be Romans 12:1 sakrifice.

**To de offa yur sakrifice again.** Yu suppose dey do yur Romans 12:1 sakrifice again Yes, if E no accept yur sakrifice. A Romans 12:1 sakrifice need to be holy, and E need to accept am. You dey alive now bikos, when yu start to dey believe in Christ, yu *"komot from death enter life."* John 5:24. To be one holy sakrifice na yur duty. Di Old Testament animals must de acceptabol bifor dem go sakrifice dem. No animal fit de pafect. But it suppose be without any sickness, it suppose de healthy, and without and mark for im body. Dat dey show two exampol for di Romans 12:1 sakrifice. First, yur sakrifice no fit get sickness. Di sickness of yur sin and seperashon from God suppose don heal by salvashon. Na why dem write Romas 12:1 only to believas(Dem yuz di word "brodas and sistas" for dat verse). Di sakrifice of pesin wey neva belive no fit deacceptabol bikos e must offa am *afta* salvashon instaed of *bifor* salvashon. Yu must come to Jesus  bifor yu go fit follow Am. If yu want make yu de sure of yur slavashon visit www.Gospel316.org. Di holy part dey show one level wey yur life de clean for spiritas beliva. Na onle dat time yur Romans 12:1 sakrifice fit be acceptabol to God. *"So if yu keep yorsef without fault, yu go bi betta pesin wey Christ fit use as e dey do en good work."* 2 Timothy 2:21. Yu no fit de perfect. But, yu fit bring yurself for a level wia God fit accept for spiritual health and holiness. Afta yur sakrifice wey de alife and holy don de offa to God, yu need to offa am again. But, if God no accept yur sakrifice bikos na for small time or e no de holy, den yu go need to do am again. Offa yursef foreva, as yu dey alife, and as one holy sakrifice. Give yursef as slave to God by yursef and foreva. No do am anyhow. Na very serious matta afta salvason. Afta dem don accept yur sakrifice, go to yur Romans 12:2 no debe like and de shange yur life as one true followa of Jesus Krist. Afta all wetin E don do for you, do this one for Am.

**How life go be afta yu don offa yursef to God.** *"Make una nor bi like pipol for di world, but make una allow God shange una mind, den una go know how to serve God and do tins wey dey make belle sweet am."* Romans 12:2. Dis verse dey give us strong advice for life afta yur Romans 12:2 sakrifice. Di strong advice wey dey present tense mean sey make yu keep on to no be like di pipol for di world and kontinue dey shange as yu de always arrange yur mind wella. No be like pipol for dis world, no de gree at all to, all di sins wey de happun for dis world. No let di world shape yu, who yu be as Beileva. Romans 12:2 dey give strong advice to de strong *"be changed by di cleaning of yur mind."* Di greek word wey translate as *shange* na di same word dem yuz for Jesus for Matthew 17:2 and for Mark 9:2 wia e tok sey Im de *tshange.* Romans 12:2 na one strong advice make yu shange complete as yu dey shange(repia shange well-well to de betta) for yur mind. Dat komplete shange (Wey better pass wen pesin de pretend) don complete yu as yu de sabi and live by God Word. Make yur Romans 12:1 sakrifice. No go push yurself inside di world. Turn to beta pesin as yu de sabi and de live God Word. Den yu fit check and live God will.

**"Den una go know how to serve God and do tins wey dey make belle sweet am." Romans 12:1**

---

*Sakrifice Wey De Alife* @ 2026 by John D. Morris by Acts One Eight. Yu fit print, copy, post, imel, and message am wit di same content and dis full statement wey follow. You fit put yur church logo for di top of di page and yu fit put yur contact informashon ontop di solid line for down-down di sekond page. *Sacrifice316* na from Bibul onle. E dey to helep pipol dey grow for spirit pass jus to be beliva for Jesus. Yu fit imel Acts One Eight (For English if e dey possibol) to: Hello@Mail316.org. Na www.ChristianLingua.com. do di translashon *Sakrifice Wey De Alife* dey availabol for 48 languages for free for www.Sacrifice316.org. Quotashon for di English version na from Di Lockman Foundation's New American Standard Bible for 1995. Bibol quotashon for dis translashon na from: YouVersion PCM Nigeria Pidgin Bibol.